10. Бай Ян. Поэтика русского характера в творчестве А.И.Солженицына 1950-1960-х годов. Авторефер. Дисс… канд. филол. наук.- Воронеж: 2017. – С.28.
11. Бакаева С.А. Классика французского романа как фактор гендерной саморефлекснн во французской литературе 1980х- 2000х гг. Авторефер. Дисс… канд. филол. наук. - Москва: 2016. –С.25.
12. Гониа Нана Михайловна. Феномен сафо и женская поэзия античной эпохи: дисс автореф. док. филол. наук.- Тбилиси:1993. –С. 46.
13. Джаббарова Е. Проза М. Цветаевой: характер и способы самоидентификации: Авторефер. Дисс… канд. филол. наук.- Екатеринбург: 2018. –С. 24.
14. Капустина О.Б. Новый женский тип и поэзия конца XIX— начала XX веков. Авторефер. Дисс… канд. филол. наук.- Иванова: 2007. –С.19.
15. Кашкарева Алена Петровна. Рецепция феномена женской эмансипации в творческом наследии П.С. Лескова Авторефер. Дисс… канд. филол. наук.- Екатеренбург: 2017. –С.23.
16. Обидин Д.Л. Особенности романтической поэтики и женская лирика первой половины XIX века. Авторефер. Дисс… канд. филол. наук.- Москва: 2007. –С.26.
17. Ровенская Т.А. Женская проза конца 1980-х - начала 1990-хгодов(проблематика, ментальность, идентификация). Дисс… канд. филол. наук.- Москва: 2001. –С.221.
18. Семакина А.А. Китературные архетипы как основа женских образов в романной трилоги И.А.Гончарова («Обыкновенная история», «Обломов», «Обрыв»). Авторефер. Дисс… канд. филол. наук.- Москва: 2017. –С. 30.
19. Фирстова М.Ю. Художественное воплощение темы женской судьбы в романах Элизабет Гаскелл 1848 - 1 8 5 5 гг.:викторианский социум и женский характер. Авторефер. Дисс… канд. филол. наук.- Екатеринбург: 2012. -22 с.
20. Чупринова Н.В. Женское творчество в «альманашный период» русской литературы. Авторефер. Дисс… канд. филол. наук.- Москва: 2017. –С.26.

**REZYUME**

Mazkur maqolada badiyiy adabiyotda foaliyot yuritoyatgan ijodkorlardan xotin-qizlar ijodining qay darajada ekanligi, ularning adabiyotdagi o'rni, asarlarining mazmuni va tarbiyaviy ahamiyati, shuningdek, dunyo adabiyotshunislik ilimidagi xotin-qizlar ijodining o'rganilishi masalasi qaraladi.

**РЕЗЮМЕ**

В статье рассматривается уровень творчества женщин в художественной литературе, их место в литературе, содержание и воспитательное значение их произведений, а также исследование женского творчества в мировой литературе.

**SUMMARY**

The article examines the level of creativity of women in fiction, their place in literature, the content and educational value of their works, as well as the study of female creativity in world literature

## МӘҢГИЛЕСТИРИЛИЎИ ТИЙИС МУҚАДДЕС МӘДЕНИЙ МИЙРАСЛАР
### (тарийхы, ҳәзирги ҳалаты, келешек тәғдири мәселелери)

**К.Алламбергенов –** *филология илимлериниң докторы, профессор*
**Г.М.Эгамкулова** *– таяныш докторант*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар:** мустақиллик, миллий қадриятлар, миллий мерос, соз ва сўз санъати, бахши, жиров, бахшичилик, жировчилик, бахши-жировлар генеалогияси, Қорқит ата, жир, қўбиз, Соппасли Сипира жиров ва қорақалпоқ жировчилик мактаби, қорақалпоқ бахшичилик мактаби илдизлари, Ақимбет бахши мактаби, Муўса ва Суйеў бахши, XX аср қорақалпоқ бақши ва жировлари.

**Ключевые слова:** независимость, национальные обычаи, национальное наследие, музыкальные инструменты и ораторство, бакши, джиров, генеаология бахши-джировов, Коркыт-ата, пение (горловое пение) кубиз, Соппаслы Сипира джиров и каракалпакская школа горлового пения, корни каракалпакской жиров школы, школа Акимбета бахши, Муса и Суйиу бахши, каракалпакские бахши и джирау XX века.

**Key words:** independence, national values, national heritage, word skill, bakshi, jiraw, genealogy of bakshi and jiraw, Korkit ata, jir, qobiz, Soppasli Sipira jiraw and karakalpak jiraw school, roots of Karakalpak jiraw school, foundations of karakalpak bakshi schools, Akimbet bakshi school Musa and Suyew bakshi, karakalpak bakshi ahd jiraws of XX century.

Өзбекстан Республикасының ғәрезсизликке ерисиўи менен ондағы экономикалық реформалардың, демократиялық жөнелислердиң тез пәт пенен ен жайып раўажланыўы халқымыздың көркем руўхый дүньясының қайта жаңаланыўына кең мүмкиншиликлер туўғызып берди. Ең баслысы - көркем әдебият, мәдений мийраслар, соның ишинде миллий саз өнерлери болған жыраўшылық, бақсышылық ҳәм оның атқарыўшылары болған жыраўлар менен бақсылар өткен тоталитар дүзим идеологиясының «ескилик сарқытлары» деген кертартпа-нигилистлик баҳалаўларынан қутылып, миллий қәдирият,миллий мийрас сыпатында қайта қәдирлене баслады. Соның нәтийжесинде болса керек, аўызеки көркем әдебият пенен жазба әдебият, көркем өнер, сөз ҳәм саз өнери тарийхында орны гиреўли көп ғана тарийхый тулғалар менен олардың әжайып мийраслары бүгинги күнде өзине ылайық ҳақгөй баҳасын таўып, халық арасында қайта жаңғырмақта. Буның айқын мысаллары сыпатында көп ғана туркий тиллес халықлардың бийбаҳа байлығы болған «Алпамыс» дәстанының мың жыллығының 1999-жылы мәмлекетимиз көлеминде белгилениўи, 1997-жылы «Қырық қыз» дәстанын, 2001-жылы «Едиге» дәстанын үйрениў бойынша халықаралық илимий-теориялық конференциялардың өткерилиўи фактлерин атап өтиўге болады.

Биз бул мысалларды соңғы жыллардағы халқымыздың миллий мәдений мийраслары дүрданаларын абайлап-асыраў, халық көркем өнери ҳәм дөретиўшилигиниң әййемги дәстүрлерин тиклеў ҳәм миллий қәдириятларды избе-из раўажландырыў бойынша мәмлекетимиз көлеминде алып барылып атырған илажлар менен де толықтыра бериўимиз мүмкин [1].

Мине, усындай илажлардың арқасында I Халықаралық бақсышылық фестивалы 2019-жылдың 4-10-апрель күнлери Юнесконың қоллап-қуўатлаўында Сурхандәрья ўәлаятының Термиз қаласында болып өтти. Оған 20 мәмлекеттен 57 қатнасыўшы, халықаралық шөлкемлер, сондай-ақ Аўғанстан, Туркия, Тәжикстан, Кувейт ҳәм басқа да мәмлекетлерден ҳүрметли мийманлар қатнасты.

Бир қуўанарлық жери – Президентимиз басламасы менен шөлкемлестирилген бундай мәдений илажлар соңғы жылларда Қарақалпақстанда да мәмлекетлик сиясат дәрежесинде алып барылмақта. Атап айтсақ, Нөкис қаласында шөлкемлестирилген Опера ҳәм бақсышылық мектеп интернаты, консерватория, жақында ғана Қарақалпақстан Республикасы пайтахты Нөкис қаласында болып өткен II халықаралық фестивал ҳәм усы фестивал шеңберинде өткерилген халық аралық илимий - әмелий конференция бул пикиримиздиң айқын дәлили болады. Журт басымыз «Бундай мектеплерди шөлкемлестиргендеги тийкарғы мақсет – тарийхымызды, мәдениятымызды терең үйрениў, өзлигимизди аңлаў» деген еди.

Әлбетте, бул илажлар бизиң әсирлер даўамында халқымызды суўсынландырып киятырған миллий бақсышылық, жыраўшылық өнеримизди, қәлби кең, мийиандос сахра халқының миллий үрп-әдет дәстүрлерин дүнья халықларының көркем өнери контекстинде кең таныстырыў имканиятын береди.

Бақсышылық өнериниң Қарақалпақстан аймағында усылайынша кең көлемде үгит-нәсиятланыўы, әлбетте, биринши гезекте, Президентимиздиң, мәмлекетимиздиң қарақалпақ халқына, оның миллий көркем өнерине үлкен ҳүрмет-итибары менен аталарша ғамхорлықларының нышаны деп түсиниўимиз керек. Екинши жағынан, бул жөнелис дәўир, жәмийет талап етип атырған ҳәм халықтың миллий-мәдений санасының раўажланыў дәрежеси келтирип шығарған тәбийғий ҳәм нызамлы қубылыс деп баҳаланса арзыйды. Себеби, «Саз бенен сәўбетти ялған демеңлер, ата-баба биният болғанда барды» дегендей, қарақалпақ халқы да ең ерте дәўирлерден баслап мәдениyаты, әдебияты, көркем өнери жоқары дәрежеде раўажланған руўхый дүнъясы бай халықлардан есапланады. Сол ушын да бул мәдений дәрежемиздиң ең ески өлшемлери болған бақсышылық, жыраўшылық өнерлеримиздиң сағалары жүдә ерте дәўирлерге барып ушласатуғыны турған гәп. Көпшилик жағдайда биз жыраўшылық өнеримиздиң сағасын XIV әсирдеги Соппаслы Сыпыра жыраў мектебинен, ал бақсышылық басламаларын XIX әсирдеги Муўса, Сүйеў бақсы мектеплеринен баслап жүрмиз. Бирақ, бул түсиникти аксиома сыпатында қабыл етиў – илимде бир тәреплемеликке алып келеди.

Усы көзқарастан Н.Дәўқараев, Қ.Айымбетов, И.Сагитов, Қ.Мақсетов, С.Бахадыровалардың мийнетлериндеги ортаға қойылған пикирлер қоллап-қуўатлаўға турарлық. Бул изертлеўлерде гейпара көркем өнер изертлеўшилери мийнетлериндеги қарақалпақ басқышылық өнери XIX әсирдеги Сүйеў, Муўса бақсылар мектебинен басланады, деген қатаң тезисти жаңаша баҳалаў зәрүрлиги көзқарасы айқын сезилип турады. Аты аталған алымлардың «Сүйеў, Муўса бақсылардан да бурын бир нешше бақсылар болып, бул жолларда айтып келген, бирақ көбисиниң аты мәлим емес» деген пикирлери ҳәм усы пикирдиң тастыйығы сыпатында келтирилген бақсышылық мектеби генеалогиясынан бул өнердиң тарийхын ерте дәўирлерден баслаў керeклиги ҳаққындағы илгери нийетинлерин аңлаўға болады,

Изертлеўшилер бул тезислерин Ақымбет ҳәм басқа да бақсылардың өмири, дөретиўшилиги, ол шығарған намалар тарийхы, оның әўладлары ҳәм устаз-шәкиртлик мектеби мысалларында дәстиярлы дәлиллей отырып, қарақалпақ бақсышылық мектеби Сүйеў, Муўса бақсылардан емес, ал олардың устазы Ақымбет бақсыдан да бурын басланған десек, мақсетке муўапық келеди, деген жуўмаққа келеди.

Онын үстине, қарақалпақ халқында усы уллы бақсылардан мийрас болып қалған бақсышылық дәстүри, жолы бүгинги күнге дейин шынжырма-шынжыр, изи үзилмей үзликсиз даўам етип келмекте. XVIII-XIX әсирлерден XX әсирдиң 70-жылларына дейин халық арасынан Қаражан Қабулов, Есшан Косполатов, Жапақ Шамуратов, Әмет Тарийхов, Айтжан Хожалепесов, Генжебай Тилеўмуратов сыяқлы үлкен-үлкен талантлы бақсылар жетилисип шықты. Олардың изи менен саз дөретиўшилик өнерине келген Кәримбай Тыныбаев, Сәлменбай Садықов, Аңсатбай Қайратдинов, Турғанбай Қурбанов, Турғанбай Кәлендеров сыяқлы бақсылар болса қарақалпақ бақсышылық өнерин өз дәўирлери руўхына сай ҳәр тәреплеме раўажландырыўға салмақлы үлеслерин қосты. Әсиресе, олардың ишинде Генжебай Тилеўмуратовтың қарақалпақ бақсышылық өнерин раўажландырыўға қосқан үлеси айрықша болды. Оның басламасы менен 1976-жыл дүзилген «Муҳаллес» дуўтаршылар ансамбли заманагөй қарақалпақ бақсыларын таярлайтуғын үлкен шеберлик мектебине айланды.

Мине, усы мектеп ўәкиллери болған Ғайрат Өтемуратов, Теңел Қаллиев, Гүлнара Алламбергенова, Гүлбаҳар Ақымбетова, Зыяда Шариповалар болса бүгинги күни қарақалпақ бақсышылық өнериниң үлкен белсенди тулғаларына айланды. Бул мектеп ўәкиллери ҳәзирги ўақытта устазлары Ғайрат Өтемуратов ҳәм Теңел Қаллиевлар басшылығында бақсышылықта бурыннан киятырған жол - дәстанларды толық текстинде атқарыў дәстүрин қайта тиклемекте. Қарақалпақстан телерадио компаниясы басламасы менен 2019-жылда «Уллы зибан» атамасында өткерилген «Дәстан кешелери» бул пикиримиздиң айқын дәлили бола алады. Атап айтсақ, усы 2019-жылда жас бақсылар: Ерисбай Асқаровтың атқарыўында «Саятхан-Ҳәмра» дәстанының, Қуўанышбай Сейтимбетовтың атқарыўында «Қырмандәли» дәстанының, Улдәўлет Сәрсенбаеваның атқарыўында «Дәўлетиярбек» дәстанының толық текстлери Нөкис қаласында, Қарақалпақ мәмлекетлик университетиниң Мәдениyат сарайында, Шымбай районы «Тазқара» аўылында ҳәм Қоңырат районының орайындағы майданшада шөлкемлестирилген үлкен қурлар - «Дәстан кешелери»нде жазып алынды [4]. Ҳәзирги күнде болса бул дәстүр Қарақалпақстан халық жыраўы Бақберген Сырымбетов ҳәм оның шәкиртлери Саламат Аяпов, Жәнибек Пиязовлар тәрепинен даўам еттирилип, «Апамыс», «Едиге», «Шәрияр» усаған қаҳарманлық, ертеклик-мифлик дәстанлардың да толық текстин айтыў тәжирийбеси даўам етип атырғанлығы қуўатлаўға турарлық қубылыс.

Демек, жоқарыдағадай пикирлерди қарақалпақ қобызы, жыраўшылық өнери тарийхы ҳәм келешек тәғдири ҳаққында да айтсақ болады. Негизинде бул өнер қарақалпақларда бақсышылық өнеринен де көп бурын басланған. Себеби, тарийх илиминиң көрсетиўинше, қарақалпақлар X әсирлерде-ақ өзлериниң ҳәзирги атамасында Әмиўдәрьяның төменги қуярлықларында, Арал теңизиниң қубла-шығыс әтирапларында пайда болған ең ески халықлардың бири. Халқымыздың этногенези тарийхының дәслепки басқышлары оннан да арыға-бизиң эрамызға дейинги сак-массагетлер қәўими дәўири тарийхына барып ушласатуғынлығын биз тарийхтан жақсы билемиз. Солай екен, халқымыздың көркем өнери, улыўма, саз ҳәм сөз өнери тарийхын да усы дәўирлерден баслап, ерте дәўирлерден биз бенен бирге қоңсылас жасап келген өзбек, қазақ, түркмен, тәжик халықларының мәдений тарийхы менен тығыз байланыста салыстырып үйренген мақсетке муўапық болады, Бул орында қарақалпақ фольклоры, әдебияты ҳәм көркем өнер тарийхын изертлеўши алымлар Н.Дәўқараев, Қ.Айымбетов, Қ.Мақсетов, К.Мәмбетов, Т.Адамбаева С.Бахадырова, А.Алламуратовлардың Қорқыт ата қарақалпақ жыраў-шайырларының пири, қобызды ойлап тапқан белгили саз ҳәм сөз устасы, өз заманының жетик данышпаны, ойшыл жыр атқарыўшысы ҳәм көрнекли сөз шебери, сонлықтан да ол қарақалпақ саз ҳәм сөз өнериниң сағасында турыўы керек, деген пикирлерин қоллап-қуўатлаўымызға туўры келеди.

Ҳақыйқатында да, түп сағасы Қорқыт ата ҳәм оның дәстан-жырларына барып тутасатуғын қарақалпақ қобызы, жыраўы ҳәм жыраўшылық өнери өз пайда болыў, қәлиплесиў ҳәм раўажланыў басқышларында узақ дәўирлер менен бир нешше онлаған ата өмиринен ибарат әўладлық генеалогиялық устаз-шәкиртлик шежире кестеге ийе. Мысалы, бир ғана «Едиге» дәстанының жыраўларымыз тәрепинен дөрелиў ҳәм жырланыў генеалогиясына сер салып қарасақ, бул дәстанның жырланыў тарийхы 630 жылдан аслам дәўирди өз ишине қамтыйтуғынлығын көремиз. Улыўма, қарақалпақ дәстанлары жырланыўының хронологиялық көрсеткишин оны антик формасында

сақлап жырлап келген ең соңғы жанлы жырлаўшы Жумабай жыраў Базаровтан ерте орта әсирлердеги дәслепки келип шығыў ноқатына қарай жылжытсақ, ол өз устазы Ерполат жыраўдан, Ерполат Нурабулла жыраўдан, Нурабулла Қазақбай, Сайпулла жыраўлардан, Сайпулла Дүйсенбай жыраўдан, Дүйсенбай Айтуўар жыраўдан, Айтуўар Сыбан жыраўдан, Сыбан Түменбай жыраўдан, Түменбай Шаңқут жыраўдан, Шаңқут XVIII әсирдеги қарақалпақ әдебиятының ең ири ўәкили - жыраў-шайыр Жийен Аманлық улынан үйренгенлиги ҳаққында генеалогиялық шежире кесте келип шығады [5:7].

Көрнекли фольклоршы Қ.Айымбетов дүзген қарақалпақ жыраўларының генеалогиялық шежире-кестеси менен әдебият тарийхшысы К.Мәмбетовтың изертлеўлерине [6:177-239] итибар берип қарасақ, бул жыраўлар шежиресиниң сағалары Жийен – Мүйтен – Досмамбет - Асан- Жийренше жыраў- шешенлер дизбеги формасында XIV әсирдеги Соппаслы Сыпыра жыраўдың жыршылық өнерине барып ушласатуғынлығын көремиз. Бул дизбекти ары қарай дизбеклеп соза берсек, «Алпамыс»тың архаик формасы «Бәмси Байрақ» жыры арқалы өз-өзинен Х әсирдеги Қорқыт-атаға барып ушласатуғыны турған гәп.

Усы көзқөзқарастан «Еркин Қарақалпақстан» газетасының 2021-жыл 9-январь күнги санында жәрияланған академик Нағмет Айымбетовтың «Қобыз хәм жыраўшылық дәстүри туўралы гейпара пикирлер» атамасындағы мақаласында ортаға қойылған қарақалпақ қобызы ҳәм жыраўшылық өнери сағаларын жүдә ерте дәўирлерден баслаў зәрүрлиги менен оны жанлы ҳалатта мәңгилестирип сақлап қалыў илажлары ҳаққындағы пикир, усынысларына толық қосыламыз. Мақалада автор қобыз ҳәм жыраўшылық дәстүрин еле де жанландырыў, оның жәҳәнге кең үгит-нәсият етилиў бойынша тийисли илажлар көриў зәрүрлиги мәселелерин орынлы ортаға қойған [3].

Мақалада ортаға қойылған мәселелерди қоллап-қуўатлаўымыздың және бир себеби - 2021-жыл басында Нур-Султан қаласында Қазақстан халқы Ассамблеясы ҳәм «Жәйхун» Қарақалпақ этномәдений аўқамы және «Жыр» орайының шөлкемлестириўи менен «Қырық қыз» – қарақалпақ халқының қаҳарманлық дәстаны» атамасында халықаралық илимий онлайн конференция өткерилди. Бизиң итибарымызды тартқаны - Қазақстанда қобыз ҳәм жыраўшылықты үгит-нәсиятлаўда, бул өнерди раўажландырыўда көп унамлы жумысларды ислеп атырғаны болды. Мәселен, Қазақстанда «Жыр» орайы деген шөлкем жумыс ислейтуғынлығын усы конференцияда билип алдық. Оның тийкарғы мақсети-қобыз ҳәм жыраўшылық өнерин раўажландырыў екенлиги атынан да белгили.

Буннан үш жыл алдын Түркия, Әзербайжан, Қазақстан – үш мәмлекет биригип, «Қорқыт атаның мийрасларын» ЮНЕСКОның материаллық емес мәдений мийраслары дизимине киргизген еди. Сондай-ақ, Қазақстанның Қызылорда ўәлаяты аймағында, Арал теңизине жақын жерде Қорқыт атаның қобызына арнап естелик комплексин орнатты. Естелик қобыз жел менен қоңыр, мұңлы сес шығарады. Инновациялы қатнас жасалған бул естелик бүгинлиги Аралбойы аймағының визит карточкасы болып хызмет етпекте. Ҳәр жылы жел менен шертилетуғын қобыз естелигине мыңлап туристлер ағылмақта. Естеликти Қызылорда ҳәкимлиги қурған.

Усы орында саўал туўылады: бизде неге усындай естеликлер қурыўға болмайды? Қорқыт ата мийраслары қарақалпақлар ерте дәўирлерден берли мәкан еткен Сыр, Аралбойы аймақларында дуньяға келген болса, оны ЮНЕСКОның мәдений мийраслары дизимине енгизиўде биз неге шетте қалып қойдық? Биз неге «Жыр» орайы қусаған шөлкемлер дүзип, миллий өнеримизди дүнья аренасына алып шықпай атырмыз ?!

Өткен жылы Түркияның бирқатар университетлерине барып, филолог, фольклоршы илимпазлар менен ушырасқан бир шәкиртиме сол шет елли алымлар «түркий халықлардың ҳәр қыйлы илажларында қарақалпақ илимпазлары жеделирек араласыўы керек, түркий халықлар ўәкиллеринен ҳәмме жыйналған жерде, сизлерден адам таба алмаймыз» деп сәлем айтып жиберипти.

Расында да, бундай жағдай көп ушыраспақта. Мине, усындай араласпаўымыз себебинен дуньяда Қарақалпақстан деген бир елде жанлы атқарыў дәстүри сақланып қалып, раўажланыўы даўам етип атырған қарақалпақ қобыз ҳәм жыраўшылық өнери усаған миллий мийрасларымыздың да қызыл китап дизимине кириў қәўпи туўып отыр…

Академик Н.Айымбетов «жыраўшылық өнерине қызығатуғын жасларды таңлаў мақсетинде Қарақалпақстан Республикасы Мәдений министрлиги тәрепинен республикалық көлемде миллий көркем өнер бағдары бойынша арнаўлы фестиваллар ҳәм конкурслар шөлкемлестириў мақсетке муўапық болар еди», деп бир жақсы мәселени қозғапты. Тек республикалық емес, халықаралық дәрежеде өткерилетуғын бүгингидей илажларды көбейтиўимиз керек. Мине, сонлықтан да Президентимиз де «Бақсышылық – қарақалпақ халқының уллы дәстүри, оны раўажландырыў ушын барлық шараятларды жаратамыз» деп, усы II Халықаралық бақсышылық фестивалды Қарақалпақстанда өткериўди усыныс етти.

Журтбасшымыздың ғамхорлығы шеңберинде жыраўшылық өнерин де раўажландырыў, оны келешек әўладқа сап таза жанлы ҳалында жеткериў бойынша басламалар менен шығыўымыз керек, деп ойлаймыз. Мәселен, қарақалпақ қобызы менен жыраўшылық өнерин ЮНЕСКОның материаллық емес, мәдений мийраслар дизимине енгизиўимиз дәркар. Бул өнердиң сап үлгиси тек бизиң халықта ғана сақланып қалғанлығын дәлиллеп отырыўдың ҳеш қандай зәрүрлиги жоқ.

Кәне, бизиң қайсы өнеримиз ЮНЕСКОның дизимине кирди? Хорезм ләзгиси, мақом, бақсышылық кирди, қазақ ағайинлер күйди енгизди. Ҳәттеки, асық ойыны да кирген, бирақ онда да бизиң үлесимиз болмады. Асық бизге жат ойын ба еди?! Солай екен, қарақалпақ жыраўшылық өнерин ЮНЕСКОның материаллық емес, мәдений мийраслар дизимине енгизиўди кең жәмийетшиликтиң басламасы, усы конференцияның қарары, Ҳүкимет басшыларының қоллап-қуўатлаўы менен әмелге асырсақ, үлкен саўап иске қол урған боламыз.

Биз жасларымыздың миллий мийрасларымызға, халқына, ана ўатанға болған муҳаббатын кәлиплестириў үстинде шынтлап бас қатырыўымыз керек. Бүгинги глобал информациялық ағым, ғалабалық мәдений процесинде келешек әўладларымыз жүрегинде өз елине, миллий мәдений мийрасларына деген сүйиспеншилик сезимлерин оятыў-тек заман, ўақыт талабы болып қоймастан, миллеттиң өзлигин ҳәм миллий қәдириятларын сақлап қалыўдың да баслы шәртлериниң бири болып табылады. Сол ушын ата-бабамыздың көзин көрген қарақалпақ қобызы ҳәм жыраўшылық өнери сыяқлы муқаддес миллий мийрасларымызды заман, ўақыт руўхына ҳәм халық, миллет ийгилигине сай мәңгилестириў ушын жанлы ҳалатта сақлап қалайық. Себеби, Президентимиздиң айтқанындай, бақсылар менен бир қатарда жыраўлар да «тек халық өтмишиниң сазасы болып қалмастан, бүгинги күнниң де қүдиретли хаўазыдур».

**Әдебиятлар**

1. Ўзбекистон Республикаси Президентининг 2018 йил 1-ноябрдаги «Халқаро бахшичилик санъати фестивалини ўтказиш тўғрисида»ги ПҚ-3990-сон қарори; Ўзбекистон Республикаси Президентининг Халқаро бахшичилик санъати фестивали очили-

шига бағишланган тантанали маросимдаги нутки. «Қорақалпоғистон тонги»газетаси 2019 йил 11-апрель №15-16 (1336-1337); Ўзбекистон Республикаси вазирлар маҳкамаси 2018 йил 26-апрель «Бахшичилик ва достончилик санъатини ривожлантириш ҳамда такомиллаштириш чора-тадбирлари тўғрисида»ги №304-сон қарори.

2. Айымбетов Қ. Халық даналығы. –Нөкис: «Қарақалпақстан», 1968. -297б.

3. Айымбетов Н. Қобыз ҳәм жыраўшылық дәстүри туўралы гейпара пикирлер. / «Еркин Қарақалпақстан», 2021-жыл, 9-январь, №4.

4. Алламбергенов К. Мәңгилестирилиўи тийис мәдений мийраслар. / «Еркин Қарақалпақстан», 2021-жыл, 30-январь, №13.

5. Алламбергенов К. Ер Едиге, «Едиге» дәстаны, Алтын Орда ҳәм Маўараўннахр дәўири тарийхының гейпара мәселелери. – Нөкис: «Билим», 2017. -128б.

6. Мәмбетов К. Ерте дәўирдеги қарақалпақ әдебияты. –Нөкис: «Билим», 1992. -246б.

**РЕЗЮМЕ**

Мақолада қорақалпоқ бахшичилик, жировчилик санъатининг миллий мерос, миллий қадриятлар тизимида тутган ўрни, ушбу санъатнинг илдизлари, қадимги  даврлардан бугунгача давом этиб келаётган анъаналари, ҳозирги ҳолати, соз ва мусиқа санъатидаги устоз-шогирдлик мақоми, атоқли бахши ва жировлар мактаби ҳақида кенг ва ишончли илмий таҳлиллар асосида бу санъатнинг қадимги даврларда пайдо бўлган муқаддас миллий мерос жанлиги далилланиб, уни абадийлаштириш бўйича қимматли тавсиялар берилади ва керакли хулосаларга келинади.

**РЕЗЮМЕ**

В статье предлагаются бесценные рекомендации и делаются необходимые заключения о каракалпакских бакши (народное певчество) искусства горлового пения, национальных наследиях, корнях данного искусства, традициях продолжающих из покон веков, современное состояние, музыкальных инструментах и ораторстве, школе наставников.

**SUMMARY**

The article deals with some valuable recommendations and necessary solutious of karakalpak bakshis' (folk songs), art of guttural singing, national heritages, origin of this art, traditions which continious from long times, present conditions, musical instruments and oratory art, school of tutors.

## Қ.МӘТМУРАТОВТЫҢ «ТЕРБЕНБЕС» РОМАНЫНДА ПОРТРЕТЛЕРДИҢ ИНДИВИДУАЛЛЫҚ ХӘМ УЛЫЎМАЛЫҚ ҚӘСИЙЕТЛЕРИ

**Ғ.А.Алламуратов -** *докторант*

*Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети*

**Таянч сўзлар:** роман, портрет, индивидуал, умумий, образ, сюжет.
**Ключевые слова:** роман, портрет, индивидуальный, общий, образ, сюжет.
**Key words:** novel, portrait, individual, general, image, plot.

Портрет көркем шығармада инсан көринисин сүўретлеўге бағдарланғанлығы себепли, ол тиккелей персонаж образын толықтырыў ушын хызмет етеди. Образ, характер, психология (ишки руўхый ҳалат), портрет (сыртқы көринис) компонентлериниң интеграциясы негизинде көркемликке ийе болады. Портрет образдың жасалыўында актив хызмет атқарады. Яғный, портрет көркем шығармада образ тәбиятына енискен түрде көринеди. Солай екен, профессор Л.И.Тимофеев айтқанындай, «образ – тоқыма жәрдеми менен жаратылған ҳәм эстетикалық заўық бағышлайтуғын инсан өмириниң улыўмаласқан ҳәм соның менен бирге, конкрет (индивидуалласқан – Ғ.А.) көриниси» [1:62-63] – деп тастыйықлаўы тийкарында портреттиң улыўмалық ҳәм индивидуаллық қәсийетин образдың эстетикалық-көркемлик қуны нәтийжеси сыпатында анализге тартқанымыз орынлы болады.

Өзбек илимпазы Т.Бобоев образдың улыўмалық қәсийети ҳаққында былайынша пикир жүритеди: «Образ улыўмаласыў нәтийжеси болып табылады. Шығармада сүўретленген бир ғана образ астарында жүзлеп-мыңлап адамларға тән болған қәсийет ҳәм белгилер улыўмаластырылып, жәмлеп бериледи... Онысыз образ жаратыў мүмкин емес» [2:43]. Демек, әдебий шығарма қаҳарманы турмыстағы адамларға уқсағаны менен дәл өзи бола алмайды. Оның көпшилик белгилери улыўмаласқанлығы, жыйнап, терилгенлиги себепли бир қанша адамлардың көринисин жәмлеген ҳалда сәўлеленеди.

Әдебий шығармаларда сүўретленетуғын көркем образ тек ғана улыўмаласыў нәтийжеси болып қалмастан, конкретлестириў, индивидуалластырыў жемиси болып та есапланады. Жазыўшы образ конкретлигине оның индивидуал қәсийетлерин сүўретлеў негизинде ериседи. Шығармадағы образлардың бир-биринен айрықша белгилерин көрсетиў арқалы сюжеттиң көркемлилигин, образдың көп түрлилигин тәмийинлейди. Бул арқалы образдың тәбийийлигине, турмысшаңлығына, сондай-ақ, эмоционаллығына ерисиледи. Оқыўшыға тәсир күши артып, оны исендиреди.

Образға тән болған бул еки: индивидуаллық ҳәм улыўмалық қәсийетлер портреттиң өзгешелигин үйрениўде тийкар ўазыйпасын атқарады. Портрет образ жасаўдың белгили бир компоненти сыпатында образға тән болған қәсийетлерди өзинде геўделендиреди. Яғный, образдың қәсийетлериниң көриниўинде портрет әҳмийетли функцияны атқарады.

Тәжик әдебиятшысы М.С.Имомов образларды идивидуалластырыў ҳәм типлестириўде портреттиң ролин белгили жазыўшы Садриддин Айний жаратқан образлар мысалында анықлайды. Оның пикиринше: «Портрет көркем образдың қурам элементи сыпатында сүўретленип атырған адамның улыўмалық қәсийетлерин де, индивидуал қәсийетлерин де сәўлелендиреди. Көркем шығарманың персонажы, бир тәрептен, белгили бир дәўирдиң ўәкили, соның ушын ол өзине тийисли болған класстың, жәмийетлик қатламның, миллеттиң улыўмалық қәсийетлери, сыртқы көриниси, кийими, сөзи, өзин тутыўы ҳәм портреттиң басқа сүўретлеўлери менен тәрийипленеди. Басқа тәрептен, портрет адамның өзине тән болған дәўир ҳәм этирап-орталықтағы ўәкиллерден ажыралып туратуғын шахстың көриниси сыпатында ҳәрекет етеди. Көркем образдың толықлығы ҳәмме ўақыт улыўмалық ҳәм индивидуаллықтың бирлиги менен жаратылады [3:14].

Образ жаратыўдың усындай өзгешеликлери белгили қарақалпақ жазыўшысы Қ.Мәтмуратовтың «Тербенбес» романында (2004) жақсы көринеди. Онда тарийхый адамлар образларының улыўмалық ҳәм индивидуаллық қәсийетлерин жазыўшының стилине муўапық олардың поэтикалық портретлеринде де көриўимиз мүмкин. Романда тарийхый шахс Лепес портрети ХХ әсир басындағы қарақалпақ саўдагерлери, исбилерменлери қатламы фонында сүўретленгени менен оның индивидуаллық, прототиплик портрети жазыўшы тәрепинен сюжет желиси бойлап бериледи. «...өзи қара торы жигит, бурынғыдан да бетер сурланып, қаралтым жүзлери шойындай сиресип, қақ маңлайды қақ жарып шыққан қыр мурнының танаўлары желбезекленип, ашыўын зорға дегенде ишине жутып отырды» [4:22]. Қ.Мәтмуратов шығармада Лепес образын сүўретлеп,